

**MAJAS PASEMON SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN OMBAK WEKTU
ANGGITANE ZULY KRISTANTO (TINTINGAN STILISTIKA)**

Ifva Yuni Khusnawati

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
ifvakhusnawati16020114088@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S. S., M. Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto minangka karya sastra kang ngandhut majas, majas kasebut dadi *style* utawa gaya basa saka pengjurit, yaiku majas pasemon. Saliyane iku uga ngandharake wujud aspek pasemon. Underan panliten yaiku : (1) kepriye wujud majas pasemon minangka lelewane basa sajrone geguritan ing Antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto (2 wujud pasemon apa wae kang kinandhut sajrone geguritan ing Antologi Geguritan "Ombak Wektu" anggitane Zuly Kristanto.

Panliten iki bakal dianalisis nggunakake tintingan stilistika. Stilistika yaiku ilmu kang nliti lelewane basa lan panganggone basa sajrone karya sastra. Panliten iki nggunakake teori-teori kang gegayutan karo lelewane basa. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku arupa antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto. Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud tembung-tembung lan ukara-ukara kang ngandhut majas pasemon lan wujud aspek pasemon sing digunakake dening pengjurit. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi teknik maca, nyathet dhata, klasifikasi, tapsiran. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptif.

Asile panliten nuduhake majas pasemon sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* ngemu 3 majas pasemon, yaiku majas sinisme,majas sarkasme, lan majas satire. Dene wujud pasemon sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* ngemu 4 wujud pasemon yaiku pasemon marang lunture kabudayan, pasemon marang panguwasa, pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki, lan pasemon marang daya pangribawane teknologi.

Tembung Wigati : majas pasemon, pasemon.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Karya sastra awujud geguritan, kayadene reriptan sastra umume, ngandharake urip bebrayan saben dinane. Urip ing bebrayan ora uwat saka pangrembakane jaman, ana wae kang ngalami owah gingsir mligine ngenani pasemon utawa sindiran. Kahanan urip bebrayan kang kaya mangkono ndadekake manungsa eling supaya bisa ngrampungi prakara-prakara sosial supaya uripe tentrem tur raharja. Bab-bab ngenani kahanan urip bebrayan bisa menehi pangribawa gedhe tumrap apa kang ditindakake manungsa ing jagad gumelar. Samubarang kang isine ngenani prakara-prakara sajrone urip lan panguripan bisa dadi cikal bakale reriptan karya sastra. Reriptan karya sastra awujud geguritan ndadekake babagan kang narik kawigaten. Pangjurit medharake pamikir lan rasa pangrasane ngenani urip bebrayan. Kahanan bebrayan kang ngrempung pasemon sajrone geguritan *Ombak Wektu* uga nuduhake kekhasane pangjurit.

Geguritan kang diripta dening pangjurit iku nduweni gegayutan karo panguripan manungsa sabendina. Geguritan nduweni sipat *imajiner* lan uga ngandharake panguripane masyarakat Jawa. Miturut Waluyo (1995:25) geguritan bisa nuuhake daya *imajinatif* kanthi cara munjerake kekuatan basa sing ana gayutane karo struktur fisik lan batin.

Pamarekan stilistika munjerake pirembungan ngenani *style* utawa gaya. Gaya sing digunakake pangjurit kanggo ngandharake maksud sing dikarepake lumantar srana basa. Lelewane basa bisa awujud majas, amarga majas minangka basa kiasan utawa *arkais*. Panganggone majas yaiku kanggo nguatake kesan sing awujud tulisan lan lisan, saengga bisa nuuhake rasa *imajinatif* tumrap pamaos. Majas yaiku pamilihe tembung tartamtu kanthi trep karo maksud pangripta kanggo nggayuh kaendahan utawa *estetik* Ratna (2008:164). Majas digunakake pangripta kanggo medhar

pamikir lan pangrasane kanthi basa sing khas lan endah, saengga bisa nuwuhake kapribadhene pangripta.

Antologi geguritan *Ombak Wektu* iki ditiliti jalaran ngandhut majas mligine majas *pasemon utawa sindiran*. Majas pasemon yaiku lelewane basa sing digunakake kanggo nyemoni utawa nyindir salah sawijine samubarang utawa pawongan. Ratna (2013:439) ngandharake kanthi cara umum majas diperang dadi papat yaiku majas *perbandhingan*, majas *penegasan*, majas *pertentangan*, majas *sindiran* utawa pasemon. Majas pasemon *utawa sindiran* diperang ana 5 yaiku majas ironi, sarkasme, sinisme, inuendo, lan satire. Anane jinis-jenis majas kasebut, sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto iki nduweni majas kang luwih onjo, yaiku majas *pasemon utawa sindiran*. Majas *pasemon utawa sindiran* yaiku lelewane basa sing digunakake kanggo nyemoni utawa nyindir salah sawijine pawongan utawa samubarang. Ing antologi geguritan *Ombak Wektu* kang ana 154 guritan, ora kabeh ngandhut majas *pasemon utawa sindiran*. Mula ing panliten iki bakal dipilih guritan kang ngandhut majas *pasemon utawa sindiran*.

Majas pasemon sajrone Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto narik kawigaten kanggo objek panliten, amarga sajrone guritan nggambareake kahanan sosial ing bebrayan. Tema sajrone antologi geguritan kasebut yaiku kritik sosial, katresnan, kaendahan alam, babagan remukan ati sing disebabne oncate tresna. Antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto, dipilih dadi objek panliten amarga sajrone geguritan kasebut ngemu bab lelewane basa kang nduweni makna sing ora bisa langsung dimangertenin dening pamaca lan basa sing digunakake dening panggurit iku ana sesambungane karo panguripan ing bebrayan.

Antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto uga ngandharake *style* sing diduweni anggone nggripta antologi guritan iki. Katitik saka basa sing digunakake, Zuly Kristanto nggunakake basa sing prasaja. *Style* utawa teknik pamilihan *ungkapan kebahasaan* geguritan sing digunakake Zuly Kristanto sajrone ngripta guritan sajrone antologi geguritan *Ombak*

Wektu yaiku *referensi* lan *subtitusi*. Lelewane basa sing asring digunakake Zuly Kristanto sajrone ngripta antologi geguritan *Ombak Wektu* yaiku majas personifikasi sing ngungkapake kanthi ndadekake barang mati kayadene manungsa (Keraf, 2010: 14) lan majas hiperbola ngungkapake pranyatan sing diluwih-luwihake, kanthi ngedhekake salah sawijine prekara (Keraf, 2010: 135).

Panliten nggunakake antologi geguritan kanthi irah-irahan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto minangka objek panliten. Zuly Kristanto lair ing Tulungagung, sasi Juli 1990. Nate dadi jurnalis lan saiki dadi penulis lepas kanggo maneka medhia cetak lan elektronik. Sawetara tulisane kanthi genre geguritan, cerkak, artikel, lan esai, pangripta uga seneng nulis dongeng lan wacan bocah kanthi basa Jawa lan basa Indonesia. Tulisane nate kapacak ing medhia basa Jawa lan basa Indonesia kayata, Jayabaya, Djaka Lodang, Panjebar Semangat, Mekar Sari, Solo Pos, Mojok.co, Alif.id, Titis Basa, Swaratama, Isp. Guritan *Ombak Wektu* utawa bisa disingkat OW anggitane Zuly Kristanto dumadi wiwit tanggal 12 Juli 2019 kang cacahe ana 154 geguritan.

Antologi geguritan *Ombak Wektu* iki ditiliti supaya bisa mangertenin bab majas kang dadi gaya pangripta, yaiku ngenani majas pasemon utawa *sindiran* kanthi migunakake tintingan stilistika., stilistika nduweni ancas kanggo nemtokake kepriye pangripta bisa nggunakake tandha-tandha linguistik supaya aweh efek khusus. Antologi geguritan iki, nggunakake tintingan stilistika supaya bisa mangertenin gaya basa pangripta ngenani majas pasemon. Objek kajian stilistika yaiku stile kang ngrembug panggone basa sajrone ragam basa tartamtu Nurgiyantoro (2014:76).

Adhedhasar andharan mau, tintingan stilistika digunakake sajrone panliten ngenani majas pasemon utawa *sindiran* sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto. Panliten iki bakal ngandharake lan njlentrehake jinis majas pasemon utawa *sindiran* minangka lelewane basa lan wujud aspek pasemon utawa *sindiran* sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto. Panliten iki kalebu panliten

kualitatif asipat dheskriptif, tegese sajrone asil dhata panliten iki arupa tembung-tembung kang tinulis.

Undere Panliten

Adhedhasar andharan kasebut, underan panlitene, yaiku

- 1) Kepriye wujud majas pasemon utawa *sindiran* minangka lelewane basa sajrone geguritan ing Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto?
- 2) Wujud pasemon apa wae kang kinandhut sajrone geguritan ing Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten mau, nduweni tujuwan panliten kayata mangkene:

- 1) Ngandharake lan njlentrehake wujud majas pasemon utawa *sindiran* minangka lelewane basa sajrone geguritan ing Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto.
- 2) Ngandharake lan njlentrehake wujud pasemon sajrone geguritan ing Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto.

Paedah Panliten

Asil saka panliten iki arupa andharan lan jlentrehan ngenani majas pasemon sajrone Antologi Geguritan *OW* anggitane Zuly Kristanto, mula saka iku paedah panliten iki kaperang dadi loro, yaiku:

Paedah Teoritis

Paedah teoritis panliten diajab bisa menehi sumbangsih marang ilmu stolistika, mligine ngonceki babagan lelewane basa. Asil panliten iki bisa kanggo panyengkuyung kanggo ngrembakakake sastra Jawa modern, mligine geguritan.

Paedah Praktis

Saliyane teoritis, panliten iki uga nduweni paedah praktis supaya bisa menehi piguna kanggo:

- 1) Tumrap Pamaos

Paedah panliten iki kanggo menehi piwulang ngenani majas pasemon sajrone

sajrone geguritan ing antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto.

- 2) Tumrap Pasinaon Siswa

Paedahe panliten iki kanggo pasinaon tumrap siswa SMP utawa SMA yaiku menehi piwulang ngenani ilmu basa mligine tintingan stolistika, sing nyinaoni babagan lelewane basa ing sajrone geguritan.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

1. Majas

Majas yaiku lelewane basa utawa pamilihe tembung tartamtu kang trep, uga bisa diarani reroncene pocapan sing dumadi amarga anane rasa sing tuwu, kaya-kaya bisa urip sajrone atine pangripta, sing tuwu saka ,salah sawijine rasa tartamtu sajrone atine pamaos amarga menehi efek kaendahan utawa nilai *estetik*, Slamet muljana sajrone Pradopo (2012:93). Majas bisa nguripi ukara lan menehi kesan *gerak* marang ukara. Panganggone majas yaiku kanggo nuwuhake *reaksi* tartamtu, supaya menehi tanggepan saka pamikire utawa daya *imajinatif* pamaos. Saben pangripta nduweni ciri khas dhewe-dhewe sajrone nggunakake majas nalika ngripta karya sastra, mligine geguritan. Babagan iki selaras karo sipat lan kasenengane pangripta dhewe-dhewe.

Majas diperang dadi papat yaiku majas *perbandhingan*, majas *penegasan*, majas *pertantangan*, lan majas *sindiran* utawa pasemon Ratna (2013:439). Panliten iku mung bakal ngrengbug ngenani majas pasemon miturut Keraf.

2. Majas Pasemon

Miturut Keraf (2010:143) majas pasemon yaiku lelewane basa sing digunakake kanggo nyemoni salah sawijine samubarang lan pawongan. Perangan jinis majas pasemon miturut panemune Keraf bakal diandharake kaya mangkene:

a. Ironi

Miturut Keraf (2010:143) Ironi yaiku salah sawijine upaya literer sing efektif amarga ngandhut pengekangan sing gedhe. Becik iku sengaja utawa ora,

tetembungan sing digunakake iku beda adoh saka maksud asline

b. Sarkasme

Miturut Keraf (2010:144) Sarkasme yaiku majas pasemon sing luwih kasar saka ironi lan sinisme. Sarkasme salah sawijine acuan sing ngandhut *celaan* sing getir.

c. Sinisme

Miturut Keraf (2010:14) sinisme yaiku pasemon kang ngandhut unsur ngenyek utawa ngece salah sawjine pawongan utawa sawijine kahanan Majas iki asring digunakake ing panguripan saben dina, senajan durung akeh sing nyadhari. Ungkapan sajrone majas sinisme iki bisa diarani ungkapan sing blaka marang pawongan kang disemoni. Majas iki bisa ditegesi minangka panguda rasa kuciwa mawang salah sawijine objek tartamtu.

d. Inuendo

Inuendo yaiku pasemon sing nduweni sipat nyilikake kasunyatan utawa fakta sing sabenere (Ratna, 2013:439). Majas iki kagolong wujud pasemon kang *unik* tinimbang wujud pasemon liyane. Tujuwane kanggo nyemoni samubarang kanthi nyilikake fakta sing sanyatane.

e. Satire

Satire yaiku ungkapan sing nggunakake sarkasme, ironi utawa parody kanggo ngecam utawa ngece salah sawijine gagasan, kabiyasan, lan sapanunggalane. Keraf (2009:144) ngandharake satire minangka ungkapan kanggo ngece utawa nolak samubarang.

Panliten iku mung nggunakake telu majas pasemon yaiku majas sinisme, sarkasme, lan satire, jalaran sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto ditemokake telu majas pasemon.

Lelewane Basa

Lelewane basa minangka salah sawijine cara pangripta kanggo mujudake gagasane, kanthi nggunakake basa sing endah lan ngandhut makna kang bisa mangribawani pamikir, rasa, lan, nepsune (Aminuddin, 2000:72). Laras karo panemune

Nurgiyantoro (1995:277) lelewane basa yaiku teknik pamilihan kanggo medharake kebahasaan kang bisa dadi sesulihe samubarang kang bakal diwedharake lan nuwuhake unsur estetika.

Geguritan

Geguritan yaiku karya sastra kang kawangun saka unsur puitis, nduweni unsur kaendahan utawa *estetika*. Geguritan kasusun nggunakake tembung endah lan cekak, senajan mangkono ing sajrone geguritan nduweni teges tartamtu kang diandharake dening pangripta. (Pradopo, 2012: 1) ngandharake yen geguritan kalebu karya estetis kang ngamot teges.

Stilistika

Stilistika yaiku ilmu ngenani gaya, dene gaya (*style*) yaiku tata cara kang diandharake pangripta kanthi tujuwan kanggo panglipure ati tumrap pamaca karya sastra. Panglipure ati saka gaya iki ora mung katujokake kanggo pribadi, nanging uga katujokakae marang wong liya (Ratna, 2009:3). Karya kang diripta kudu diselaraske karo kahanan. Miturut (Ratna, 2009:7), panganggone gaya (*style*) bisa menehi panglipur tumrap pamaca.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan panliten iki migunakake tintingan stilistika kang kalebu panliten kualitatif. Tintingan stilistika iku bisa medharake lelewane basa. Antologi geguritan *OW* anggitane Zuly Kristanto kanthi ancangan deskriptif kualitatif, panliten iki dikarepake bakal ngasilake gegambaran kang cetha lan objektif.

Sumber Dhata

Panliten iku nggunakake sumber dhata awujud guritan kang nduweni majas pasemon ing antologi guritan *Ombak Wektu*, diterbitake taun 2019 wulan Juli ing Tulungagung kang cacahe 154 (satus seket papat) geguritan. Tema kasebut ngandharake bab-bab sesambungan karo kritik sosial, karesnan, kaendahan alam, babagan remukan ati sing disebabne oncate tresna, nanging panliten iki ngrembug majas pasemon sajrone antologi guritan *OW*. Titikane antologi guritan *OW* yaiku, samak ngarep wernane pethak ana gambare

ombak lan jam pasir. Dene samak mburi wernane pethak memper karo samak ngarep, ing samak mburi ana siji geguritan kanthi irah-irahan *Kembang Wengi*. Geguritan kang gegayutan karo majas pasemon ana 34 geguritan.

Dhata

Panliten ngenani majas pasemon sajrone antologi guritan *Ombak Wektu* nggunakake dhata arupa tembung, frasa, lan ukara kang sesambungan karo underan panliten. Banjur ditintingi nggunakake tintingan stilistika kang ngrembug majas pasemon miturut panemune Keraf.

Instrumen Panliten

Panliten ngenani *Majas Pasemon sajrone Antologi Geguritan Ombak Wektu Anggitane Zuly Kristanto (Tintingan Stilistika)* iki, ora bisa nglirwakake kang jenenge instrumen panliten. Arikunto (1998:126) njlentrehake instrumen minangka pirantine panliten supaya metodhe-metodhe kang dijupuk bisa gumathuk. Instrumen panlitene yaiku panlti minangka instrumen utama lan pangumpule dhata saka guritan ing antologi *Ombak Wektu*. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud, (1) buku, buku kang digunakake yaiku buku referensi lan buku tulis, (2) pulpen minangka piranti kanggo nulis bab-bab kang wigati, (3) laptop, piranti kanggo proses ngetik dhata lan ngedhit asile panliten.

Tatacarane Panliten

Tata cara sajrone perangan iki bakal diandharake ngenggingi (1) tatacara ngumpulake dhata, (2) tatacara njlentrehake dhata, lan (3) tatacara nyuguhake asil panliten. Perangan kasebut luwih cetha dijlentrehake kayata:

Tatacarane Ngumpulake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku nggunakake teknik studi pustaka. Miturut (Ratna, 2013:39), teknik studi pustaka yaiku cara-cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka tulisan sarta dhokumen liya. Tata carane nglumpukake dhata sajrone panliten iki, yaiku:

- 1) Maca geguritan prelu ditindakake supaya bisa ngerti isine guritan *OW*.

- 2) Nyathet dhata nglumpukake sistem tandha, yaiku kanthi menehi tandha marang tetembungan lan ukara-ukara kang gegayutan karo perangane guritan.
- 3) Merang isine utawa *klasifikasi* dhata yaiku proses panglumpukane dhata kang asale saka asil panliten kanthi cara ngamati objek panliten kang gegayutan karo tintingan stilistika sajrone guritan *OW* yaiku ngenani: a) wujud majas pasemon, b) wujud aspek pasemon.
- 4) Napsirake dhata kang wis ditintingi, banjur diandharake kanthi manehi makna kang dimaksud adhedhasar teori kang jumbuh kanggo ngonceki bab sesambungan karo majas pasemon.

Tatacara Pangolahe Dhata

Tata cara pangolahe dhata kang ditindakake ing sajrone panliten iki yaiku; (1) nglumpukake dhata, (2) klasifikasi dhata, (3) njupuk dudutan, (4) nulis asil dhata.

Tatacara Nyuguhake Asile Panliten

Tata cara nyuguhake andharan lan njlentrehake dhata informal ing ngisor iki.

- (1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngemu surasa bab ing antarane yaiku landhesane panliten, undherane panliten, tujuwan panliten, paedah, wewatesane panliten, panjlentrehe tetembungan.
- (2) Bab II minangka tintingan kapustakan kang ngemu surasa bab ing antarane yaiku panliten saemper, konsep-konsep panliten, lan lelandhesan teori.
- (3) Bab III minangka metodhe panliten kang ngemu surasa bab ing antarane yaiku ancangan panliten, sumber dhata, dhata, instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara pangolahe dhata, lan tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata.
- (4) Bab IV isine ngenani andharan asile panliten ngenani (a) wujud majas pasemon, b) wujud aspek pasemon sajrone Antologi Geguritan “*Ombak Wektu*” anggitane Zuly Kristanto..
- (5) Bab V minangka panutup kang isine ngenani dudutan lan pamrayoga saka sakabehe andharan asile panliten.
- (6) Kapustakan isine nuduhake buku-buku utawa sumber referensi kanggo panyengkuyung proses panliten ngenani majas pasemon lan aspek pasemon.

(7) Lampiran isine 34 antologi guritan *Ombak Wektu*.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Adhedhasar dhata kang kasil ditemokake dening panliti ana telung majas pasemon utawa *sindiran* kang paling onjo sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto. Telung perangan majas pasemon kang diandharake yaiku 1) majas sinisme, 2) majas sarkasme, 3) majas satire. Dene wujud aspek pasemon sajrone antologi guritan *OW* kaperang dadi papat yaiku 1) pasemon marang lunture kabudayan, 2) pasemon marang panguwasa, 3) pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki, 4) lan pasemon marang daya pangribawane teknologi.

Wujud Majas Pasemon utawa *Sindiran Minangka Lelewane Basa sajrone Geguritan Ing Antologi Geguritan “Ombak Wektu” Anggitane Zuly Kristanto*

Diawas saka jinise, majas pasemon utawa *sindiran* yaiku lelewane basa sing digunakake kanggo nyemoni utawa *nyindir* salah sawijine pawongan utawa samubarang. Adhedhasar 34 geguritan sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu* anggitane Zuly Kristanto ditemokake ana telu majas pasemon yaiku ing antarane majas sinisme, sarkasme, lan satire.

Majas Sinisme

Majas sinisme yaiku majas pasemon kang nggunakake tetembungan kang ngandhut unsur ngece utawa ngenyek marang sawijine pawongan utawa sawijine kahanan (Keraf, 2010:143). Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana lima las dhata kang ngandhut majas sinisme. Salah sijine dhata geguritan kanthi irah-irahan *Gurit Wis Wancine* (GWW) mujudake majas sinisme kang bisa diawas ing pethikan ngisor iki:

Wis wancine nyumet senthir
Sinambi ngrantu wengine lingsir
Nata weninge pikir
Amrih ora melu kenthir
(GWS. PD 3.GT 9-12)

Ukara sing manggon ana ing pada 3 gatra sanga nganti rolas sajrone geguritan kanthi irah-irahan *Gurit wis Wancine* (GWS) kasebut nuduhake majas sinisme amarga ana ukara ing pethikan kasebut kang ngandhut unsur pasemon asipat ngenyek utawa ngece marang salah sawijine pawongan. Maksud saka majas sinisme ing pethikan sajrone geguritan *Gurit wis Wancine* (GWS) kasebut yaiku kanggo nyemoni marang sawijine pawongan saiki sing kudune nata weninge pikir supaya bisa nduweni rasa pangrasa kang luhur uga ngupaya nggolek dalan padhang sing bisa nemoni sejatiné bebener, saengga polah lan pikirane ora melu kenthir. Nata weninge pikir kudune diwiwiti nalika isih mudha supaya wis mecaki umur kang wis tuwa ora melu kenthir kegawa pangrembakane jaman kang tansaya ora tumata. Mula pethikan ukara “nata weninge pikir, amrih ora melu kenthir ” ing geguritan kasebut nuduhake majas sinisme amarga pawongan kudune bisa nata pikir, ati, lan solah bawa amrih bisa mawas dhiri sajrone panguripan.

Majas Sarksasme

Majas Sarksasme yaiku majas pasemon sing luwih kasar saka ironi lan sinisme. Sarksasme salah sawijine acuan sing ngandhut *celaan* sing getir. Sarksasme uga bisa asipat ironi, nanging cethane majas sarksasme wis mesthi bakal nglarani ati lan ora kepenak dirungokake (Keraf, 2010:144). Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana sepuluh dhata kang ngandhut majas sarksasme. Salah sijine dhata geguritan kanthi irah-irahan *Nalika* (Nlk) wujude majas sarksasme bisa diawas ing pethikan ngisor iki:

Nalika ana pambijiku kliru marang luhuring budaya
Mula aja koksalahake yen dinane iki
akeh sing ora ngerti tata krama
(Nlk. PD 1.GT 7-8)

Ukara sing manggon ana ing pada 1 gatra pitu lan wolu sajrone geguritan kanthi irah-irahan *Nalika* (Nlk) kasebut nuduhake majas sarksasme amarga ana

ukara ing pethikan kasebut kang ngandhut unsur pasemon asipat kasar. Maksud saka majas sarkasme ing pethikan sajrone geguritan *Nalika* (Nlk) kasebut yaiku kango nyemoni marang salah sawijine pawongan sing diajak rembug ngenani kahanan ing bebrayan saiki, adhedhasar tulisane panggurit, yen saiki akeh pawongan ana sing menehi pambiji kliru marang luhuring budaya, mula nyalahake yen dinane iki akeh sing ora ngerti tata krama, amarga isih winatese kawruh budaya luhur sing bisa menehi kawruh ngenani unggah-unggah kang becik, mligine tumrap bebrayan ngenani budaya Jawa. Mula pethikan ukara “nalika ana pambijiku kliru marang luhuring budaya, mula aja koksalahake yen dinane iki akeh sing ora ngerti tata krama” ing geguritan kasebut nuduhake majas sarkasme sing nyemoni pawongan saiki sing aweh pambiji kliru marang luhuring budaya, saengga akeh pawongan saiki sing ora ngerti tata krama.

Majas Satire

Majas satire yaiku ungkapan sing nggunakake sarkasme, ironi utawa parody kanggo ngecam utawa ngece salah sawijine gagasan, kabiyasan, lan sapanunggalane. Keraf (2009:144) ngandharake satire minangka ungkapan kanggo ngece utawa nolak samubarang. Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana sepuluh dhata kang ngandhut majas satire. Salah sijine dhata geguritan kanthi irah-irahan *Gurit Sajake* (GS) wujude majas satire kang bisa diawas ing pethikan ngisor iki:

Sajake kudu kukuh melu ngedan
Supaya kebageyan
Senajan ora kajen
Ning uga ora bakal keblaen
(GS. PD 5.GT 18-21)

Ukara sing manggon ana ing pada 1 gatra wolul las nganti selikur sajrone geguritan kanthi irah-irahan *Gurit Sajake* (GS) kasebut nuduhake majas satire amarga ana ukara ing pethikan kasebut kang ngandhut unsur pasemon sing mujudake ungkapan sing nggunakake sarkasme, ironi utawa *parody* kanggo ngecam utawa ngece marang salah sawijine patrape

pawongan. Katuduhake anane unsur nyemoni ing ukara kang unine “sajake kudu kukuh melu ngedan, supaya kebageyan, senajan ora kajen, ning uga ora bakal keblaen”. Maksud saka majas sarkasme ing pethikan kasebut yaiku kango nyemoni salah sawijine patrape pawongan. Patrap saka salah sawijine pawongan kasebut nuduhake yen dheweke kudu melu ngedan, kamangka patrape ala amrih kebageyan. Dheweke ngerti yen tumindak ala kasebut ora diajeni wong liya, nanging dheweke percaya yen ora bakal keblaen sajrone nglakoni tumindak edan. Mula pethikan kasebut kalebu majas satire amarga nduweni maksud nyemoni marang sawijine patrape pawongan, kanthi cara *parody* utawa nduweni unsur humor sajrone pamilihe tembung ing pethikan ukara geguritan kasebut.

Wujud Pasemon kang Kinandhut sajrone Geguritan Ing Antologi Geguritan “Ombak Wektu” Anggitane Zuly Kristanto

Wujud aspek pasemon saka 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake enam dhata ngenani pasemon marang lunture kabudayan, nem belas dhata ngenani pasemon marang panguwasa, sanga las dhata ngenani pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki, lan telu dhata ngenani pasemon marang daya pangribawane teknologi. Pasemon iki disampekae dening pengjurit kanggo nggambarake kahanan kang ngalami obah masiking panguripan kang dumadi ing masyarakat.

Pasemon marang Lunture Kabudayan

Pengjurit nulis geguritan iki minangka pasemon kanggo pawongan kang nglirwakake kabudayane, supaya bisa pawongan kasebut bisa njaga lan nglestarekake budayane. Pethikan-pethikan dhata ing ngisor iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani pasemon marang lunture kabudayan. Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana enim dhata kang ngandharake pasemon marang lunure kabudayan. Salah sijine dhata geguritan kanthi irah-irahan *Apa Sira Isih Eling* (ASIE) kaca 28 pada siji gatra siji nganti lima mujudake aspek pasemon marang lunture kabudayan kang bisa diawas ing pethikan ngisor iki:

(ASIE/ Kc 28/ Pd 3/ Gtr 1-5)

Apa sira isih eling

Marang winih sing kok tandur ing papan
bawera wingi

Iki dina mranggas lan mung ngenteni pati
Winih-winihmu kae padha mranggas
pupuse

Awit sira luwih milih budaya manca
tinimbang budaya Jawa

(ASIE/Kc 28/ Pd 1/ Gtr 1-5)

Pethikan dhata (37) nuduhake pasemon marang lunture kabudayan kang dilakoni dening pawongan Jawa. Bisa katitik saka pethikan ukara “awit sira luwih milih budaya manca tinimbang budaya Jawa”. Penggurit nyemoni pawongan Jawa lumantar geguritan kasebut kanthi cara ngelingake supaya bisa nglestarekake budayane dhewe. Kudune pawongan Jawa luwih seneng marang budaya Jawa kang adiluhung tinimbang budaya manca, jalaran budaya Jawa minangka identitas bangsa.

Pasemon marang Panguwasa

Penggurit anggone ngripta geguritan iki nduweni ancas kanggo nyemoni panguwasa sing dirasa durung bisa mimpin lan ngayahi jejabahane. Anane saperangan geguritan ngenani wujud aspek pasemon marang panguwasa iki kawwas lumantar pethikan dhata geguritan. Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana nem belas dhata kang ngandharake pasemon marang panguwasa. Salah sijine wujud aspek pasemon marang panguwasa kang bisa ditemokake ana sajrone antologi geguritan *OW* yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Apa Sira Isih Eling* (ASIE) kaca 28 pada telu gatra siji nganti lima. Luwih jangkepe bisa diawas ing pethikan ngisor iki:

Apa sira isih eling

Yen kridhamu ing gedung agungmu
wingi

Wis kasil nyipta durjana

Jalaran tumindakmu mung pengin
nyecep bandha donya

Tanpa lelandhesan sucine pangrasa

Pethikan (44) cetha yen kalebu wujud aspek pasemon marang panguwasa, amarga bisa diawas saka ukara ing sajrone pethikan “yen kridhamu ing gedung agungmu wingi, wis kasil nyipta durjana jalaran tumindakmu mung pengin nyecep bandha donya”. Pethikan tembung “gedhung agungmu” jumbuh karo gedhunge pemimpin rakyat. Mula bisa katitik yen geguritan kasebut nyemoni para pemimpin kang kasil nyipta durjana, jalaran tumindake mung nggolek bandha donya kanggo kepentingan pribadi. Ancase penggurit ngripta geguritan kasebut kanggo nyemoni pemimpin sing ngutamakake kepentingane dhewe, tanpa ndeleng kepentingane rakyate.

Pasemon marang Solah Bawane Manungsa Ing Jaman Saiki

Kahanan jaman kang sarwa maju, ndadekake manungsa ngalami pangrembakan. Pangrembakan kasebut mligine ana ing solah bawane manungsa ing jaman saiki. Anane saperangan geguritan ngenani wujud aspek pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki iki kawwas lumantar pethikan dhata geguritan. Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana sanga las dhata kang ngandharake pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki. Salah sijine yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Nalika* (NLk) ing kaca 32 pada siji gatra siji lan loro, kang kapacak ing antologi geguritan *Ombak Wektu* kang ngandhut wujud aspek pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki. Luwih cethane maneh bisa diawas saka pethikan ing ngisor iki:

Nalika sejarah wis dadi aksara kang ora bisa diejrah

Mula aja koksalahake yen akeh tatanan
kang dadi owah

(NLk/ Kc 32/ Pd 1/ Gtr 1-2)

Adhedhasar pethikan (62) kasebut kagolong wujud aspek pasemon marang solah bawane manungsa ing jaman saiki. Bisa katuduhake saka pethikan ukara

“nalika sejarah wis dadi aksara kang ora bisa diejrah, mula aja koksalahake yen akeh tatanan kang dadi owah”. Maksud saka pethikan ukara kasebut yaiku nyemoni salah bawane pawongan jaman saiki kang lali malah sejarahe. Bisa diweduhi yen sejarah iku perangan saka reroncening kedadeyan nyata ing jaman mbiyen sing bisa dijupuk paedahe kanggo panuntun ing sajrone panguripan jaman saiki. Kanyatane saiki, sejarah wis dadi aksara kang ora bisa diejrah. Mula aja nyalahake yen akeh tatanan kang dadi owah, merga pangribawane saka salah bawane manungsa ing jaman saiki kang ora tumata.

Pasemon marang Daya Pangribawane Teknologi

Anane piranti teknologi ndadekake manungsa luwih gampang nindakake penggaweyan ing panguripan sabendina. Pangrembakan teknologi bisa nuwuhake owah-owahan tumrap masyarakat, kayadene tumindake manungsa ing panguripan sabendina. Anane saperangan geguritan ngenani wujud aspek pasemon marang salah bawane manungsa ing jaman saiki iki kawawas lumantar pethikan-pethikan dhata geguritan. Pethikan-pethikan dhata ing ngisor iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani pasemon marang daya pangribawane teknologi. Adhedhasar 34 geguritan kang ditliti sajrone antologi geguritan *OW* ditemokake ana telu dhata kang ngandharake pasemon marang daya pangribawane teknologi. Salah sijine yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Ilange Dedongengan Wengi* (IDW). Luwih cethane bisa kawawas ing pethikan ngisor iki:

Bocah-bocah ora gelem turu gasik
Merga giyaran ing tipi luwih narik
kawigatene
(IDW/Kc 136/ Pd 1/ Gtr 6-7)

Pethikan dhata kasebut cetha yen kalebu wujud aspek pasemon marang daya pangribawane teknologi. Bisa katitik saka ukara “bocah-bocah ora gelem turu gasik, merga giyaran ing tipi luwih narik kawigatene”. Maksud pethikan ukara kasebut yaiku nyemoni daya pangribawane piranti teknologi, mliline giyaran ing tipi tumrap bocah cilik. Giyaran ing tipi kang maneka werna

ndadekake bocah cilik luwih seneng nonton tipi nganti lali wayah. Tuladhane kang diandharake ing gatra enim lan papat kasebut nalika wayah dalu, lumrahe wayah kango ngaso saka kagiyatan kang wis dilakokake. Mligine bocah cilik kang mbutuhake wektu kanggo turu, nanging wektu turune bocah cilik nalika wayah dalu ora gelem turu gasik. Mula dadi jejibahane wong tuwa kanggo ngawasi anake supaya menehi watesan anggone nonton tipi, supaya ora nganggu wayah turune.

PANUTUP

Bab panutup iki bakal ngandharake dudutan lan pamrayoga. Bab kasesebut bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

Dudutan

Adhedhasar analisis dhata kang wis ditindakake sajrone antologi geguritan *Ombak Wektu anggitane Zuly Kristanto*, asile yaiku majas pasemon lan wujud pasemon. Majas pasemon kang luwih onjo yaiku majas sinisme, dene wujud aspek pasemon kang luwih onjo yaiku pasemon marang salah bawane manungsa ing jaman saiki. Geguritan-geguritan kang diripta dening Zuly Kristanto ora mung ngandharake lan njlentrehake majas sinisme, ananging uga ana majas sarkasme lan majas satire. Wujud pasemon kang ana sajrone antologi geguritan *OW* anggitane Zuly Kristanto ora mung ngandharake lan njlentrehake pasemon marang salah bawane manungsa ing jaman saiki, ananging uga ana pasemon marang lunture kabudayan, pasemon marang panguwasa, lan pasemon marang daya pangribawane teknologi. Telung majas pasemon lan patang wujud pasemon kang digambarake pengurit sajrone antologi geguritan kasebut, lumantar tembung lan ukara kang digunakake kanggo nuduhake anane majas pasemon. Lumantar tembung lan ukara kang digunakake dening pengurit kasebut, nuduhake yen majas pasemon minangka lelewane basa kang digunakake kanggo nyemoni utawa nyindir sawijine pawongan utawa samubarang liya. Wujud pasemon kang diandharake pengurit kasebut, jumbuh marang kahanan kang dumadi ana ing tengahing masyarakat.

Pamrayoga

Panliten ngenani babagan majas wis akeh ditindakake dening panliti liya. Panliten iki luwih mligi ngrembag bab majas pasemon. Panliten iki diajab bisa nambah kawruh ngenani majas pasemon sajrone karya sastra tumrap pamaos. Panliten iki isih adoh saka kasampurnan, mula isih perlu kritik lan saran tumrap apike panliten iki.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1995. *Stistik Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.

Arikunto, Suharsini. 1998. *Prosedur Panliten Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

Hartavi, Andromeda Nova & Sarwiji Suwandi & Sri Hastuti. 2019. Peran Majas Sarkasme dan Nilai Pendidikan Karakter dalam Puisi Mencari Tanah Lapang Karya Wiji Thukul dan Relevansinya dengan Pengajaran Sastra di Perguruan Tinggi. *BASASTRA Jurnal Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya*. Volume 7 Nomor 1, April 2019. [Online]

<http://jurnal.uns.ac.id/Basastra/article/view/35429> (dideleng 18 Februari 2020)

Kamus Besar Bahasa Indonesia.1996. Jakarta: Balai Pustaka.

Keraf, Gorys. 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Kristanto, Zuly. 2019. *Antologi Geguritan Ombak Wektu*. Karanganyar: Surya Pustaka Ilmu

Mihardja, Dimas Arika. *Makna Pasemon dalam Teks Puisi Indonesia*.
http://tamanpendidikandimasar.blogspot.com/201102/mengenal_pasemon-dalam-puisi-2.html?m=1 (dideleng 04 Desember 2019)

Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Nurgiyantoro, Burhan. 2014. *Stistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Pradopo, Rachmat Djoko. *Pengkajian Puisi*. Gajah Mada University Press.

Purba, Antilan. 2005. *Stistik: Kaji Bahasa Karya Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Rani. 2018. Penggunaan Majas Sindiran dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Balaesang Desa Tambu Kecamatan Balaesang Kabupaten Donggala. *Jurnal Bahasa dan Sastra*. Volume 3 No. 4. [Online]

<http://jurnal.untad.ac.id/jurnal/index.php/BDS/article/download/10535/8924> (dideleng 18 Februari 2020)

Ratna, Kutha Nyoman. 2016. *Stistik Kajian Pustaka Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Saputra, Karsono H. 2001. *Puisi Jawa: Struktur dan Estetika*. Jakarta: Wedatama Widya Sasatra

Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sudaryanto.1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press

Sukirno. 2009. Sistem Membaca Pemahaman yang Efektif. Purworejo:UMP Press

Surana, 2015. Et Al. *Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor*. Disertasi. Universitas Gadjah Mada. [Online]

http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&act=view&typ=html&buku_id=87892&obyek_id=4 (dideleng 26 Februari 2020)

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

Tjahjono, Tengsoe. 2011. *Mendaki Gunung Puisi Ke Arah Kegiatan Puisi*. Malang: Bayumedia Publishing

Waluyo, Herman J. 1995. *Teori Apresiasi Puisi*. Jakarta: Erlangga

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama